

Gid Aprantisaj Eksplorasyon

Light & Color Gallery

"Galri Limyè & Koulè"

Envestige kijan **limyè** vwayaje nan **vag**. Kolè yon abjè detèmine pa **longè vag*** limyè ke li reflete. Eksperimante ak chanjman koulè yon objè lè w'ekspeze'l oubyen entwodwi'l, a diferan longè vag limyè.

ESEYE SA

Ekzibit: Fenèt koulè, Kameleyon Komik

Konpare sa ki pase lè ou mete li a travè yon fenèt koulè. Kòman enpe objè chanje an aparans lè ou gade yo a travè diferan filtè koulè? Eske menm bagay oubyen diferan bagay pase lè ou chanje koulè limyè an nan Kameleyon Komik?

* Jwenn yon dyagram longè vag limyè bò kote Kameleyon Komik.

Eksplòre **refleksyon**, bondi limyè de yon objè, e **refraksyon**, pase limyè a travè yon objè e chaje direksyon an.

ESEYE SA

Ekzibit: Reyon Limyè

Sèvi ak miwa, prism, ak fim koulè pou kapab fè yon eksperimentasyon ki kapab demonte kijan limyè pase a travè oubyen bondi de diferan objè. Kòman limyè chanje lè gen yon miwa, prism, oubyen yon fim koulè (oubyen anyen) devan li? Eske ou konstate similarite ak diferans ant materyèl yo?

Dekouvri kijan ke yon **limyè blan** fèt e kijan ke ou kapab separe li an lòt koulè limyè.

ESEYE SA

Ekzibit: Lonbraj Kolore

Ki koulè ki reprezante nan twa bouton yo? Kisa ki pase lè ou peze youn nan bouton sa yo? Kòman koulè sou tab lan chanje? Repete eksperimentasyon anlè an, fwa sa plase men'w oubyen yon lòt objè nan chemen limyè. Kisa ke ou konstate?

Fouye pi fon

Reflete e kominike

Eske ou te dekouvri yon nouvo bagay nan ekzibit sa?
Pale de sa ke ou dekouvri.

Fè koneksyon

Vizite *Sound Gallery* pou eksplore son, menm jan ak limyè, vwayaje an vag ak nan *Water Gallery "Galri Dlo"* pou kreye e obsève vag. Gade a travè teleskòp nan *Math Balcony* (nan 2èm etaj). Kijan ke zouti'w an sèvi ak miwa pou chanje sa ou wè nan syèl la?

Eskplòre plis lakay ou

Envestige plis de pi lwen ke Mize Discovery. Kontinye poze kesyon e predi kijan y'ap soti: Eske limye klere a travè yon fenèt pandan ou pral lakay ou e si se sa, eske ou te kapab reflete oubyen retrakte limyè a? Kijan diferan objè parèt lè ou obsève yo a travè miwa, twal, plastik, oubyen lòt materyèl ke ou genyen lakay ou?

Pandan ke oumenm ak pitit ou angaje nan ekzibit ki nan Light and Color Gallery "Galri Limyè ak Koulè" ou kapab eksplore konsèp ki konekte ak Kourikoulòm Syans/Teknoloji/Jeni nan Massachussetts, kourikoulòm ke yo anseye spesifikman nan Anvan Jaden d'anfan, Ane 1, 4, e 6.